

*Layang Sih Katresnan, Saka Teleng Manahe Sang Rama Kaswargan
Rasakna Katresnan sing pada digoleki ing sak uruting uripmu*

Anak-Ku,

Mbok menawa sliramu ora tepung marang Ingsun, ananging Ingsun mangerti samubarang kabeh bab sliramu. Jabur 139:1 *Ingsun tansah nyumurupi, nalikane sliramu lagi ngadek apa lagi lungguhan.*
Jabur 139:2 Ingsun nyumurupi sak kabehing lakuning uripmu. Jabur 139:3 *Nganti Ingsun mangerten i sepira cacahé rambut ing sirahmu.* Mateus 10:29 -31 *Awit sliramu katitahake ing sakjroning gambar lan rupa-Ku.*
Purwaning Dumadi 1:26 -27 Ing sakjroning urip-Ku, sliramu bisa urip, obah, lan ana. Lelakone Para Rasul 17:28
Awit sliramu iku tedhak- turunku. Lelakone Para Rasul 17:28 *Ingsun wus nyumurupi sliramu saka wiwit -wiwitan mula, sak durunge sliramu ana ing guwa garba.* Yeremia 1:4-5 *Ingsun wus miji sliramu, saka wiwit-wiwitaning mangsa, sak durunge Ingsun ngripta samubarang kabeh.* Efesus 1:11 -12 *Sliramu ana lan karipta, dudu awit saka kaluputan, ananging dina-dinane uripmu wus sinerat ing sajroning kitab-Ku.* Jabur 139: 15-16 *Ingsun wus netepake wektu kang pas tumrap kelahiran mu, lan uga ing ngendi bakal papan dununge uripmu.* Lelakone Para Rasul 17:26 *Tumitahmu kanthi cara kang ngedap-edapi.*
Jabur 139:14 Awit Ingsun kang ngrajud sliramu ing sakjeroning guwa garbane ibumu. Jabur 139:13 *Lan nglairake sliramu ing dina kang wus ditetepake kanggo kelairanmu.* Jabur 71:6 *Kala mangsane Ingsun padha ora dimangerten i, dening para manungsa kang orang tepung marang Ingsun.* Yokanan 8:41-44
Ingsun ora ana ing papan-papan kang adoh, lan Ingsun ora lagi nepsu, ananging Ingsun iki sih katresnan kang sampurna. 1 Yokanan 4:16 *Lan wus dadi kepenginan-Ku kanggo maringake sih katresnan-Ku marang sliramu.* 1 Yokanan 3:1 *Kabeh kuwi mau amarga Ingsun iki Ramamu lan sliramu anak-Ku.* 1 Yokanan 3:1 *Ingsun bisa peparing linuwih marang sliramu, tinimbang karo apa kang bisa diparingake dening ramamu kang ana ing donya.* Mateus 7:11 *Awit Ingsun iki Rama-mu kang ana ing suwarga, kang sampurna.* Mateus 5:48 *Saka Astaning Sun, sliramu mesti nampa peparing kang becik, sarta sih rakhmat kang sampurna.* Yakobus 1:17 *Awit iya Ingsun iku pamongmu, saha Ingsun kang nyawisake lan nyukupi sakehing kabutuhanmu.* Mateus 6:31-33 *Rancangan kang Ingsun paringake marang sliramu yaiku rancangan kang nuwuhake tentrem rahayu lan dina-dina kang kebak ing pengarep-arep.* Yeremia 29:11 *Amarga Ingsun iki nresnani sliramu kanthi katresnan kang langgeng.* Yeremia 31:3 *Anggonku mikirake sliramu nganti ora kaduga, kaya dene cacahing pasir ing pesisiran.* Jabur 139:17-18 *Kanthi kabunganan lan surak-surak, Ingsun tansah bombong marang sliramu.* Zefanya 3:17 *Ingsun ora nate mandeg nindakake kabecikan marang sliramu.* Yeremia 32:40 *Awit sliramu iku bandha kang tansah Sun tresnani.* Pangentasan 19:5 *Ingsun tansah kepengin nyantosakake sliramu kanthi gumolonging manah lan nyawa-Ku.* Yeremia 32:41 *Ingsun bakal nedahake marang sliramu prakara-prakara kang gedhe lan ngerm-eramake.* Yeremia 33:3 *Menawa sliramu nggoleki Ingsun kanthi gumolonge manah, sliramu mesthi bakal nemokake Ingsun.* Pangandharing Toret 4:29 *Bebungaha awit saka Asmaning Sun, sliramu mesthi antuk apa kang dadi pepenginaning atimu.* Jabur 37:4 *Awit iya Ingsun iku kang bakal nindakake sakabehing kekarepanmu iku.* Filipi 2:13 *Ingsun iki sanggup nindakake linangkung saka kang pada kok pikirake.* Efesus 3:20 *Awit iya Ingsun kang paring kanugrahan panglipur langgeng kanggo sliramu.*
II Tesalonika 2: 16 -17

Layang Sih Katresnan, Saka Teleng Manahe Sang Rama Kaswargan

Rasakna Katresnan sing pada digoleki ing sak uruting uripmu

-2-

Ingsun uga minangka Rama, kang tansah nggatekake sakehing pasambatmu. II Korinta 1:3-4 *Nalikane remuk atimu, Ingsun tansah ana ing sisihmu.* Jabur 34:19 *Kaya dene pangon kang angon mendane, Ingsun nggowo sliramu caket ing manahKu.* Yesaya 40:11 *Ing titi wancine, Ingsun bakal ngusapi sakehing luh kang tumetes saka mripatmu.* Wahyu 21:3-4 *Ingsun uga bakal ngluwari sakehing kasusahan sing pada kok alami ing salumahing bumi.* Wahyu 21:3-4 *Ingsun iki Ramamu, lan Ingsun nresnani sliramu kaya anggonginSun nresnani marang Putraku Yesus.* Yocanan 17:23 *Awit ana ing Sang Kristus tresnaku kasunyatan.* Yocanan 17:26 *Iya Panjenengane iku abdi wujuding kasunyatanKu.* Ibrani 1:3 *Panjenengane rawuh kanggo mratelakake menawa Ingsun ana ing pihakmu,* *lan ora kanggo mungsuhi sliramu.* Rum 8:31 *Saha kanggo mratelakake menawa ingsun iki ora metungake sakehing panerakmu.* II Korinta 5:18-19 *Yesus seda supaya sliramu kawanuhake marang Ingsun.* II Korinta 5:18-19 *Sedane minangka bukti nyata kang paling gedhe, saka katresnan Ku marang sliramu.* 1 Yocanan 4:10 *Ingsun wus masrahake sakehing perangan kang dak tresnani kanggo sliramu, supaya Ingsun oleh katresnanmu.* Rum 8:31-32 *Yen sliramu gelem nampa sih rakhmat Anak-Ku Yesus,* *ateges sliramu uga nampani Ingsun.* 1 Yocanan 2:23 *Lan ora ana maneh kang bakal bisa misahake sliramu saka ing katresnanKu.* Rum 8:38-39 *Padha balia maneh marang Ingsun, awit Ingsun bakal nganakake pesta agung kang ana ing suwarga.* Lukas 15:7 *Ing salawase Ingsun iki Rama, lan ing salawas-lawase Ingsun uga tetep Rama.* Efesus 3:14-15 *Sakiki pitakonKu.... "Apa sliramu gelem dadi anak- Ku?"* Yocanan 1:12-13
Ingsun tansah ngenteni sliramu. Lukas 15:11-32

*Sih Katresnan-Ku kanggo sliramu, Ramamu,
Allah kang Maha Kuasa*

